Fèy Enfòmasyon sou Kontra Asirans Gwoup Inondasyon

Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA, akwonim an Angle) ofri Règleman Asirans Gwoup Inondasyon pou moun ki pa gen asirans pou inondasyon epi ki te resevwa asistans nan men FEMA apre yon dezas ke prezidan an te deklare.

Elijiblite Asirans Gwoup Inondasyon

Si inondasyon andomaje pwopriyete w la, ki gen ladan kay ou oswa byen pèsonèl ou, ou ka elijib pou resevwa asirans inondasyon atravè yon Règleman Asirans Gwoup Inondasyon (GFIP, akwonim an Angle). Anplis de satisfè kondisyon jeneral pou kalifikasyon pou resevwa asistans anba Pwogram Endividi ak Kay FEMA a (IHP, akwonim an angle), ou dwe ranpli kondisyon sa yo pou yo konsidere pou yon sètifika GFIP:

- Inondasyon te andomaje pwopriyete w la ki nan yon Zòn Espesyal Danje Inondasyon.
- FEMA te ba w asistans pou reparasyon oswa ranplasman pwopriyete ki te domaje nan inondasyon an atravè Pwogram Endividi ak Kay (IHP), ki te deklanche yon kondisyon pou w jwenn epi kenbe asirans inondasyon sou pwopriyete a.
- Pwopriyete ki te andomaje a nan yon kominote k ap patisipe nan Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP, akwonim an angle) epi li kalifye pou pwoteksyon NFIP.
- Ou pa t gen yon egzijans anvan pou kenbe asirans inondasyon sou pwopriyete ki te andomaje yo.

Depans nan pòch pou yon kontra asirans gwoup inondasyon

Si w kalifye, FEMA ap ba w yon GFIP san w pa peye. FEMA ka peye pri kontra a (kounye a $2,400) dirèkteman nan NFIP avèk sibvansyon IHP a pou asistans pou katastwòf ou a. Si pri yon GFIP depase Asistans IHP ke ou genyen ki disponib la, ou p ap kalifye pou GFIP. Olye de sa, w ap bezwen achte yon kontra asirans inondasyon endividyèl poukont ou.

FEMA

Kouvèti Asirans Gwoup Inondasyon

Règleman GFIP yo bay jiska twa ane kouvèti asirans pou inondasyon pou byen imobilye ak atik pwopriyete pèsonèl ki asire anba NFIP. Dire kontra prensipal GFIP la se pou 36 mwa epi li kòmanse 60 jou apre dat deklarasyon prezidansyèl sou katastwòf la. Kouvèti endividyèl vin an vigè 30 jou apre NFIP a resevwa avi ak prim lan. Kounye a, kantite pwoteksyon pou Kontra GFIP endividyèl la se $85,000.

Egzijans Pou Jwenn ak Kenbe Asirans Inondasyon

GFIP pral satisfè egzijans legal pou jwenn ak kenbe asirans inondasyon apre li fin resevwa asistans pou katastwòf. Sepandan, egzijans sa a ap kontinye menm apre Kontra GFIP la ekspire. W ap bezwen achte yon Règleman Asirans Inondasyon Endividyèl atravè yon ajan asirans lokal anvan GFIP ou a ekspire. Yon ajan asirans ka ede w chwazi yon kontra asirans inondasyon ki adapte a bezwen espesifik ou yo.

NFIP ap voye yon rapèl sou kondisyon sa yo pa lapòs chak ane. NFIP ap voye yon lèt rapèl ba ou tou 45 jou anvan Kontra GFIP ou a ekspire, ansanm ak lè Kontra GFIP ou a ap ekspire.

Ou ka pa kalifye pou asistans pou katastwòf nan lavni si ou pa kenbe asirans inondasyon apre GFIP ou a ekspire.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram Asirans Gwoup Inondasyon oswa asirans pou inondasyon an jeneral, rele NFIP Direct nan (800) 638-6620, opsyon nimewo 2.